



Haitian Creole Edition
Grade 6 Mathematics Test, Book 1
March 6–12, 2008

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 1

Ane **6**

6–12 mas 2008



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2008 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.




Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

Egzanp A



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki longè bwòs dan yo montre anba a an santimèt?



- A 12
- B 13
- C 14
- D 15

Egzanp B

Kirsten li yon kantite liv, k . Eric li 3 liv an mwens pase Kirsten. Ki ekspresyon ki ka itilize pou jwenn kantite liv Eric te li?

- A $k - 3$
- B $k + 3$
- C $3 - k$
- D $3 \times k$

RETE LA

1 Si $8n = 96$, ki valè n ki pou fè ekwasyon an vrè?

- A** 12
- B** 88
- C** 104
- D** 768

2 Yon resipyan ki kapab kenbe 20 galon ranpli ak 6 galon gazolin. Ki fraksyon resipyan an ki ranpli ak gazolin?

- A** $\frac{20}{6}$
- B** $\frac{3}{10}$
- C** $\frac{6}{10}$
- D** $\frac{3}{5}$

Kontinye

3Ki nonb ki ekivalan a $|-16|$?

A $-\frac{1}{16}$



B $\frac{1}{16}$

C -16

D 16

4

Brady te anpile kèk blòk pou fòme prism rektangilè yo montre anba a.



[pa trase selon echèl la]

Ki volim prism rektangilè a?

A 9 pous kib**B** 18 pous kib**C** 24 pous kib**D** 32 pous kib

5 Ki ekspresyon ki se yon pwopòsyon?

A $\frac{3}{4} = \frac{4}{8}$

B $\frac{3}{4} = \frac{5}{8}$

C $\frac{3}{4} = \frac{6}{8}$

D $\frac{3}{4} = \frac{7}{8}$

6 Nan yon kanaval lekòl, yon gwoup 47 elèv te jwe jwèt Fish Pond (raf). Chak elèv ki nan gwoup la te genyen yon pri. 24 elèv te genyen yon nounous, 7 elèv te genyen yon balon kawotchou, epi rès elèv yo te genyen yon kaskèt bezbòl. Ki fraksyon gwoup la ki te genyen yon kaskèt bezbòl?

A $\frac{7}{47}$

B $\frac{16}{47}$

C $\frac{24}{47}$

D $\frac{31}{47}$

Kontinye

7

Mesye Simpson genyen 5 bwat penso nan sal atizay li. Apre premye semenn lekòl la, li achte 3 lòt penso. Ekspresyon ki anba a montre kantite total penso ki nan sal atizay mesye Simpson lè p reprezante kantite penso ki nan chak bwat.

$$3 + p \times 5$$

Si chak bwat genyen 8 penso, ki kantite total penso ki nan sal atizay mesye Simpson lan?

- A** 18
- B** 28
- C** 43
- D** 55


8

Yon bwat genyen 4 ponmkèt grenn chokola, 2 ponmkèt mitil, ak 1 ponmkèt mayi. Yo chwazi yon ponmkèt owaza nan bwat la. Ki pwobabilite pou yo chwazi yon ponmkèt mitiy oswa yon ponmkèt mayi?

- A** $\frac{1}{3}$
- B** $\frac{1}{4}$
- C** $\frac{3}{7}$
- D** $\frac{4}{7}$

9

Travayè ki nan Johnson Farm ap kreye yon chemen sikilè pou yo itilize pou monte cheval. Yo montre yon chema chemen an anba a.



[pa trase selon echèl la]

$$C = 2\pi r$$

Ki sikonferans chemen an?

Kite π nan repons ou.

- A 7π pje
- B 14π pje
- C 28π pje
- D 56π pje

Kontinye

10

Otto ap mezire dlo pou yon eksperyans. Li plen de resipyan diferan: yon resipyan 2 lit ak yon resipyan demi lit. Li itilize chak resipyan yon sèl fwa. Konbyen mililit dlo Otto mezire pou eksperyans li a?

1 lit = 1.000 mililit

- A 25
- B 2,5
- C 250
- D 2.500


11

Nan abite a yon distans $13\frac{1}{2}$ mil de ayewopò a. Felipe abite a yon distans $6\frac{1}{4}$ mil de ayewopò a. A konbyen mil anplis Nan abite de ayewopò a pase Felipe?

- A $7\frac{1}{8}$
- B $7\frac{1}{6}$
- C $7\frac{1}{4}$
- D $7\frac{1}{2}$

12

Carlos trase de pwen sou kadriyaj ki anba a.



Li vle trase de lòt pwen epi pou li konekte tout kat pwen yo pou fòme yon kare. Ki de pwen Carlos ta dwe trase pou fòme yon kare?

- A** (4, 2) ak (8, 6)
- B** (4, 6) ak (6, 6)
- C** (4, 2) ak (6, 2)
- D** (4, 6) ak (8, 2)

13

Mesye Cohen te ekri ekspresyon ki anba a pou 3 kouzen li yo itilize pou yo kapab jwenn laj li.

$$n^2 \times 7 - 3$$

Si n reprezante kantite kouzen yo, ki laj mesye Cohen?

- A** 12
- B** 18
- C** 36
- D** 60

Kontinye

14 Paulie miltipliye de nonb epi pwodui a se 1. Si youn nan nonb yo se 2, ki lòt nonb lan?

A $\frac{2}{1}$

B $\frac{1}{2}$

C 1

D 0

15 Lis ki anba a montre kantite gwo sache pòpkòn ki vann chak jou nan yon sal sinema pandan senk jou.

18 19 22 18 23

Ki kantite gwo sache pòpkòn yo te vann an mwayèn pandan senk jou yo?

A 18

B 19

C 20

D 22

16 Genyen 283 elèv nan lekòl Wally epi 59 ladan yo nan klas sizyèm ane. Ki pousantaj apwoksimatif elèv nan lekòl Wally ki nan klas sizyèm ane?

A 80%

B 60%

C 40%

D 20%

- 17** Andi mache a yon vitès, r , of 4 mil pa èdtan. Sou ki distans, d , li mache nan yon peryòd, t , 3 èdtan?

$$d = rt$$

- A** 1 mil
- B** 7 mil
- C** 12 mil
- D** 43 mil

- 18** Ki ekspresyon eksponansyèl ki ekivalan a $8 \times 8 \times 8 \times 8$?

- A** 4^4
- B** 4^8
- C** 8^4
- D** 8^8

- 19** Konbyen pent ki ekivalan a 10 galon?


$$\begin{aligned} 1 \text{ galon} &= 4 \text{ ka} \\ 1 \text{ ka} &= 2 \text{ pent} \end{aligned}$$

- A** 10
- B** 20
- C** 40
- D** 80

Kontinye

20

Istogram ki anba a montre kantite elèv ki chwazi pou ekri sou diferan bèt pou yon pwojè animal.



Total ki de bèt ki konbine ansanm ki bay menm total ak tig la?

- A** kangouwou ak cheval
- B** dofen ak koulèv
- C** cheval ak dofen
- D** dofen ak kangouwou

21


Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$4^2 + 5^2$$

- A** 13
- B** 18
- C** 23
- D** 41

22

Yon kanna naje depi arebò yon letan sikilè pou rive nan yon jèdo ki nan mitan letan an. Trajektwa li reprezante nan pwentiye ki nan chema anba a.



Ki tèm ki dekri trajektwa kanna a?

- A** kòd
- B** reyon
- C** dyamèt
- D** ang santral

23

Mis Brown mande elèv li yo pou yo senplifye ekspresyon ki anba a.

$$\frac{2}{3} + \frac{1}{4}$$

Ki vèsyon senplifye ekspresyon mis Brown lan?

- A** $\frac{2}{7}$
- B** $\frac{3}{7}$
- C** $\frac{3}{12}$
- D** $\frac{11}{12}$

Kontinye

24 Ki valè x nan ekwasyon ki anba a?

$$\frac{3}{5} = \frac{x}{30}$$

- A** 6
- B** 9
- C** 10
- D** 18

25 Dory, Gwen, ak Tia te kouri nan yon kous. Dory te fini nan dezyèm plas. Ki gwoup non ki montre rezilta posib pou final kous la?

- A** Gwoup #1: Gwen, Dory, Tia
Gwoup #2: Tia, Dory, Gwen
- B** Gwoup #1: Dory, Tia, Gwen
Gwoup #2: Tia, Gwen, Dory
- C** Gwoup #1: Tia, Dory, Gwen
Gwoup #2: Gwen, Tia, Dory
- D** Gwoup #1: Tia, Gwen, Dory
Gwoup #2: Gwen, Dory, Tia

RETE LA



Ane 6
Egzamen Matematik
Liv 1
6–12 mas 2008

Grade 6
Mathematics Test
Book 1
March 6–12, 2008